# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली), पार्ट–I**

**पत्र–I**

(आदिकाल और मध्यकाल)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली साहित्यक काल विभाजन किएक कठिन अछि ?
2. वर्णरत्नाकर ओ धूर्तसमागमक विषय–वस्तु ओ महत्त्वक वर्णन करू ।
3. सिद्ध साहित्यक समय, एकर विशेषता एवं महत्त्वक प्रतिपादन करू ।
4. सिद्धाचार्य लोकनिक विचारधाराक मूल्यांकन करू ।
5. नेपाल में प्रचलित मैथिली नाटकक विशेषता देखबैत ओकर विकास क्रम में मल्ल शासक लोकनिक योगदान सँ परिचय कराउ ।
6. लीलाक परिभाषाक सन्दर्भ में विचार करू ।
7. मैथिलीक प्रमुख नाटकक आधार पर शिव विषयक नाटककार लोकनिक विश्लेषण करू ।
8. अंकिया नाटकक वैशिष्ट्य पर प्रकाश दिअ ।
9. शंकर देवक नाट्यकलाक विशेषता लिखू ।
10. भूपतीन्द्रमल्लक 'विद्याविलाप' क समीक्षा करू ।

***Examination Programme, 2016***

**M.A. Maithili, Part–I**

| *Date* | *Paper* | *Time* | *Examination Centre* |
|---|---|---|---|
| 02.04.2016 | Paper–I | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 04.04.2016 | Paper–II | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 06.04.2016 | Paper–III | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 08.04.2016 | Paper–IV | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 11.04.2016 | Paper–V | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 12.04.2016 | Paper–VI | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 14.04.2016 | Paper–VII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 16.04.2016 | Paper–VIII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट–I

### पत्र–II

(विद्यापति-युग ओ साहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

समय : 3 घंटा पूर्णांक : 80

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. विद्यापतिक काल निर्धारण करू ओ हिनक कोन–कोन राजाक राज्याश्रय प्राप्त भेलन्हि, अवगत कराउ ।
2. ''विद्यापति युग के स्वर्ण युग कहल जाइत अछि ।''–प्रमाणित करू ।
3. दार्शनिकता आओर आध्यात्मिकता बीच सम्बन्ध निरूपित करैत विद्यापतिक दार्शनिकताक तर्कयुक्त समीक्षा लिखू ।
4. विद्यापति भक्त कवि छलाह, प्रमाणित करू ।
5. विद्यापति रचनाक आधार पर हिनका बहुभाषाविद् कहल जा सकैछ–विवेचन करू ।
6. विद्यापति पदावली रीतिकालीन सौन्दर्य वर्णन ओ वैष्णव भक्तिक आध्यात्मिकता दूनू कँ समेटने अछि–विवेचन करू ।
7. नायिकाक अभिसार ओ नायकक अभिसारक मनोभावक पारस्परिक तुलना करू ।
8. विद्यापतिक विरह वर्णनक काव्यात्मकता पर प्रकाश दिअ ।
9. 'अंकिया नाट' में प्रस्तुत मैथिली गीतक स्वरूप पर प्रकाश दिअ ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

(क) कनक–भूधर–शिखर–वासिनी चन्द्रिकाचय–चारू–हासिनी
दशन–कोटि विकासवंकिम मतुलित चन्द्रकले ।
क्रुद्ध–सुर–रिपु–बल–निपातिनी
महिष–शुम्भ–निशुम्भ–घातिनी भीत–भक्त–भयापनोदन–पाटब–प्रबले ।।

(ख) एक अपराध छेमब मोर जानी । परसल माय पाय तुअ पानी ।
की करब जप–तप योग छेयाने । जनम सुफल भेल एकहि सनाने ।

*Examination Programme, 2016*

**M.A. Maithili, Part–I**

| Date | Paper | Time | Examination Centre |
|---|---|---|---|
| 02.04.2016 | Paper–I | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 04.04.2016 | Paper–II | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 06.04.2016 | Paper–III | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 08.04.2016 | Paper–IV | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 11.04.2016 | Paper–V | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 12.04.2016 | Paper–VI | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 14.04.2016 | Paper–VII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 16.04.2016 | Paper–VIII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट–I

### पत्र–III

(भाषा विज्ञान)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भाषा विज्ञान सम्बंधी पाश्चात्य ओ भारतीय विद्वानक मतक उल्लेख करू ।
2. भाषा विज्ञानक अध्ययन सँ की लाभ होइत अछि, परिचय कराऊ ।
3. भाषा विज्ञानक अन्यान्य शास्त्र सँ की सम्बंध छैक ? संक्षेप में लिखू ।
4. भाषा उत्पत्तिक प्रत्यक्ष मार्गक विवेचना करू ।
5. भारोपिय परिवारक वर्गीकरण संक्षेप में करू ।
6. भाषा परिवर्तनक बाह्य करणक विश्लेषण करू ।
7. ध्वनि विज्ञान से परिचय कराउ ओ एकर उपयोगिताक विश्लेषण करू ।
8. ध्वनि–परिवर्तनक कारणक उल्लेख संक्षेप में करू ।
9. शब्द विकासक प्रणालीक विश्लेषण करू ।
10. वाक्य–गठन में परिवर्तनक चर्चाक क्रम में पराक्रम, स्वराघात तथा पदलोप कें स्पष्ट करू ।

***Examination Programme, 2016***

**M.A. Maithili, Part–I**

| ***Date*** | ***Paper*** | ***Time*** | ***Examination Centre*** |
|---|---|---|---|
| 02.04.2016 | Paper–I | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 04.04.2016 | Paper–II | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 06.04.2016 | Paper–III | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 08.04.2016 | Paper–IV | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 11.04.2016 | Paper–V | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 12.04.2016 | Paper–VI | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 14.04.2016 | Paper–VII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 16.04.2016 | Paper–VIII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट–I

### पत्र–IV

(संस्कृत एवं अवहट्ठ)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भाषाक क्रमिक विकास पर दृष्टि निक्षेप करू ।
2. कालिदासक रचनाक विशेषता संक्षेप में वर्णन करू ।
3. राजा दिलीपक गौ सेवाक विस्तृत वर्णन करू ।
4. महाकवि विद्यापतिक पुरुषपरीक्षाक उद्देश्य सँ परिचय कराउ ।
5. पुरुषपरीक्षाक आलोक मे भीरू एवं युद्धवीर कथाक प्रयोजन लिखू ।
6. पुरुषपरीक्षाक आधार पर विद्यापतिक भाषा–शैली पर अपन विचार लिखू ।
7. कीर्तिलताक आधार पर मिथिलाक सामाजिक, सांस्कृतिक एवं राजनीतिक वर्णन करू ।
8. कीर्तिलताक आधार पर तृतीय एवं चतुर्थ पल्लवक भावार्थ लिखू ।
9. कीर्तिलता के तृतीय एवं चतुर्थ पल्लवक आधार पर महाराज कीर्तिसिंहक पराक्रमक वर्णन करू ।
10. निम्नलिखित अवतरणक मैथिली में अनुवाद करू :–

(क) जो अपमाणे दुक्ख ण माणइ, दान खग्ग को मम्म न जाणइ ।
पर उअकारे धम्म ण जोअइ, सो धन्नो निच्चिन्ते सोअइ ।।

(ख) हिन्दू तुलुके मिलल बास, एकक धम्मे ओकाक हास ।
कतहु बाग कतहु वेद, कतहु विसमित कतहु छेत ।।

(ग) न ददाति न वाऽश्नातिधन् रक्षित जीववत् ।
प्रातः स्मरणीयत्वात् कृपणः कस्य नाऽ प्रिय ।।

(घ) रसवन्भान सग्राहि गुणाऽलङ्कार संयुतम् ।
कविनां यशसे काव्यं हास्यायान्यच्च जायते ।।

ꣻ ꣻ ꣻ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट-I

### पत्र-V

(मैथिली गद्य साहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. स्वातंत्र्योत्तर मैथिली कथा साहित्यक विकास यात्रा पर निबन्ध लिखू ।
2. प्रारम्भिक कथाकार मे कुमार गंगानन्द सिंहक स्थान निरूपित करू ।
3. 'मधुरमनि' कथाक उद्देश्य स्पष्ट करू ।
4. मनमोहन झाक कथा मैथिली मे मनोवैज्ञानिक विश्लेषण ओ कारूण्य धाराक लेल प्रसिद्ध अछि– विवेचन करू ।
5. मिंझाइत दीप कथाक समीक्षा करू ।
6. राजकमल चौधरीक कथा मे समग्र जीवन–दृष्टिक विलक्षण चित्रण भेल अछि–स्पष्ट करू ।
7. 'घट्ठर' कथाक आधार पर रौदीक मानसिक स्थितिक वर्णन करू ।
8. प्रो० हरिमोहन झाक मैथिली साहित्य मे अवदान निरूपित करू ।
9. भारत भ्रमण मे वर्णित ऐतिहासिक एवं सांस्कृतिक स्थलक चित्रण करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–
    (क) जखन ई विषय एतेक व्यापक भ' गेल छैक, तखन अनठयबेविहित । सभ फक्क द' निसास छोड़लक, अरि विशेषतः आँगनक दाइ–बउआसिन ।
    (ख) स्वर एकदम भिन्न । हृदय सटि आइबला । बंसी जकॉ अपना दिस घींचि लेब' बला ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट-I

**पत्र-VI**

(मुक्तक काव्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. विद्यापतिक गीत परम्परा पर विचार करू ।
2. विद्यापति गीतक आधार पर विरह वर्णन करू ।
3. गोविन्द दासक काव्यक रचना विधानक निरूपण करू ।
4. पठित पदक आधार पर गोविन्द दासक भक्ति भावना सँ परिचय कराउ ।
5. आर. सी. प्रसाद सिंहक 'संक्राति' एवं 'मनोरथ' शीर्षक कविताक समीक्षा करू ।
6. आर. सी. प्रसाद सिंह के कविताक विशेषताक उल्लेख करू ।
7. जनकवि यात्रीक कविता मे लोकभावना सँ परिचय कराउ ।
8. 'परम सत्य' ओ 'युगधर्म' कविता मे चित्रित भावक निरूपण करू ।
9. प्रो० सुरेन्द्र झा 'सुमन' क काव्य–सौरभक संक्षिप्त वर्णन करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

(क) की करब संसार लऽ,
कँाच आ कौड़ी अकिंचन ?
फेर की चाही मिलय जँ
सत्य और स्नेहो चिरंतन ।

(ख) की करबँ ताँ कैंचा बचाय
फेकनी गै, जो कर तीर्थ–बर्त
बुचिया, बचना, आ कंचनमा
भ गेलउ नाति तीनू समर्थ
जिनगीक ठेकान कोन
आब ताँ सहजहि पाकल आम भेलैँ ।

ঌ ঌ ঌ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली), पार्ट–I**

**पत्र–VII**

(काव्य शास्त्र)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. काव्यक परिभाषा ओ लक्षण पर विचार करू ।
2. काव्यक प्रयोजन लए पाश्चात्य काव्य–शास्त्री लोकनिक मतक समीक्षा करू ।
3. काव्यक भेद पर विचार करू ।
4. व्यंजना शब्द शक्तिक परिभाषा दैत ओकर विभिन्न भेदक विवेचना करू ।
5. रसक भेद सँ परिचय करबैत रसक प्रकार केँ स्पष्ट करू ।
6. ध्वनिक व्युत्पतिजन्य अर्थ आ परिभाषा लिखू ।
7. ओजगुणक परिभाषा दैत सोदाहरण विशेषता लिखू ।
8. काव्यरीतिक कतेक भेद अछि ? सोदाहरण परिचय दिअ ।
9. छन्दक परिभाषा ओ सोदाहरण भेदक परिचय दिअ ।
10. अरस्तूक विरेचन सिद्धान्तक विस्तृत परिचय दिअ ।

ഋ ഋ ഋ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट-I

## पत्र-VIII

(निबंध का लोक साहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली निबंध साहित्यक परिचय दिअ ।
2. मैथिली लोकगाथा पर भेल समीक्षात्मक कार्यपर प्रकाश दिअ ।
3. मैथिली महाकाव्यक स्रोत की रहल अछि ? एकर विस्तार सँ व्याख्या करू ।
4. मैथिली मुक्तक काव्यक विकास पर दृष्टि निक्षेप करू ।
5. स्वतंत्र्योत्तर मैथिली उपन्यासक उद्भव आ विकास पर एक निबंध लिखू ।
6. टिप्पणी लिखू :–

   (क) उपन्यासकार प्रो० विध्यानाथ झा 'विदित'

   (ख) उपन्यासकार जगदीश मंडल।
7. समकालीन कथाक प्रवृत्तिक उल्लेख करू ।
8. लोकोक्ति ककरा कहबैक ? सामाजिक पृष्ठभूमि में एकर महत्ता पर प्रकाश दिअ ।
9. मैथिली लोक नाट्यक दिशा ओ दशा सँ परिचय कराउ ।
10. मैथिली लोकगीतक विभिन्न विभाजनक व्याख्या सोदाहरण करू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II**

**पत्र-IX**

**(मैथिली साहित्यिक इतिहास)**

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. आधुनिक कालक मैथिली साहित्यक राजनीतिक, सामाजिक पृष्ठभूमि पर एकटा लेख लिखू।
2. कविश्वर चन्दा झा युग प्रवर्तक छलाह, सिद्ध करू।
3. मैथिली साहित्यक मुक्तक काव्यक उद्भव ओ विकास पर एकटा विस्तृत लेख लिखू।
4. "मैथिली महाकाव्यक इतिहास अति प्राचीन नहि अछि।" एहि कथन पर विचार करैत मैथिली महाकाव्यक विकास पर अपन विचार दिअ।
5. मैथिली खंडकाव्यक विकास पर एकटा दीर्घ निबंध लिखू।
6. मैथिली कथाक तत्त्व पर विचार करू।
7. मैथिली उपन्यासक विभाजन करू।
8. एकांकीक विभिन्न प्रकार सॅं परिचय कराउ।
9. आलोचनाक मूल्य निर्धारण करू।
10. "मैथिली पत्रकारिताक इतिहास समृद्ध अछि।" एहि कथनक सिद्ध करू।

***Examination Programme, 2016***

**M.A. Maithili, Part-II**

| Date | Papers | Time | Examination Centre |
|---|---|---|---|
| 02.06.2016 | Paper-IX | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 04.06.2016 | Paper-X | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 06.06.2016 | Paper-XI | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 08.06.2016 | Paper-XII | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 10.06.2016 | Paper-XIII | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 14.06.2016 | Paper-XIV | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 16.06.2016 | Paper-XV | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 18.06.2016 | Paper-XVI | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II**

**पत्र-X**

**(चन्दा झा युग ओ साहित्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. चन्दा झाक साहित्यिक पृष्ठभूमि की छल?
2. चन्दा झाक पद्य रचनाक भावभूमि सँ परिचय कराउ।
3. चन्दा झाक रामायणक आधार–स्रोतक विश्लेषण करू।
4. सुन्दरकाण्डक आधार पर हनुमानक चरित्र–चित्रण करू।
5. हनुमान–सीता संवादक विशेषता पर प्रकाश दिअ।
6. महाकवि लाल दासक कृतित्व सँ परिचय कराउ।
7. लालदासक रामायण में वर्णित विभिन्न ऋतुक वर्णन करू।
8. लालदासक रामायणक बालकाण्डक आधार पर सीता–राम विवाहक विवरण दिअ।
9. चन्दा झा एवं लालदासक रामायणक मूल आधार–स्रोतक तुलनात्मक विश्लेषण करू।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

(क) मलिन वसन एक–वेणी अतिदुख, निराहार दुबराइलि।
राम राम रट सकरूण धुनिकय, शुद्ध समाधि समाइलि।।
अहह अशोकवाटिकाभ्यन्तर वृक्ष शिंशपा छाया।
लंकापुरी राक्षसी घेड़लि छथि प्रभु अपनेक माया।।

(ख) सुनि मिथिलेश वचन सव्यंग। क्रोधेँ ज्वलित दशानन अंग।
पर्वत सन काया विस्तार। उठल जनककाँ दम ललकार।।
बाजल वचन सहित अभिमान। की ई धनु थिक तृणक समान।।
इन्द्रादिकाँ देल हराय। कैलासहुकाँ लेल उठाय।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II

## पत्र-XI

(भाषा विज्ञान)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मध्यकालीन भारतीय आर्यभाषाक विकासक परिचय दिअ।
2. भारोपिय परिवार में मैथिलीक स्थान निरूपित करू।
3. मैथिली सँ बंगला, हिन्दी, सन्थाली एवं आसामिक सम्बन्ध की अछि। स्पष्ट करू।
4. मूलानुसार शब्दक वर्गीकरण सोदाहरण करू।
5. पदनिर्माणक विभिन्न दिशा एवं कारणक विश्लेषण करू।
6. रूपिम विज्ञान से परिचय कराउ।
7. वाक्यक परिभाषा दैत ओकर परिवर्तनक कारण लिखू।
8. सर्वनामक विभिन्न भेदक विश्लेषण करू।
9. क्रियापदक सोदाहरण विवेचन करू।
10. ब्राह्मी लिपिक प्राचीनता सिद्ध करैत देवनागरीक उत्पत्तिक वर्णन करू।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II**

**पत्र-XII**

(मैथिली उपन्यास)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली उपन्यासक विविध रूप सँ परिचय कराउ।
2. मैथिली उपन्यास मे हरिमोहन झाक स्थान निरूपित करू।
3. "कन्यादान" उपन्यासक कथावस्तु पर प्रकाश दिअ।
4. "नवतुरिया" उपन्यासक आधार पर मिथिलाक तत्कालीन स्थितिक वर्णन करू।
5. "लोरिक विजय उपन्यास लोक–संघर्षक सप्राण दस्तावेज थिक"।
6. विद्यानाथ झा विदित मैथिलीक प्रसिद्ध रचनाकार छथि। प्रमाणित करू।
7. "मानवकल्पक" उपन्यास आधार पर मिथिलाक लोक प्रवृति पर विचार करू।
8. लिली रेक कृतित्व सँ परिचय कराउ।
9. "भामती" उपन्यासक वैशिष्ट्य सँ परिचय कराउ।
10. टिप्पणी लिखू :–
    (क) झारखंडी नाथ
    (ख) लोरिक

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II**

**पत्र-XIII**

**(मैथिली नाटक एवं एकांकी)**

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. नाटकक तत्त्वक भारतीय आचार्यक मतक विश्लेषण करू।
2. कीर्त्तनिञाँ नाटकक वैशिष्ट्य सँ परिचय कराउ।
3. पारिजात हरणक नाटकीयताक विश्लेषण करू।
4. जीवनझा मैथिली नाटकक जन्मदाता छथि, प्रमाणित करू।
5. "सामवती पुनर्जन्म" पर कोन–कोन नाटकक प्रभाव कोन रूप में पड़ल अछि, विश्लेषण करू।
6. "भफाइत चाहक जिनगी" नाटक मे पात्रक मनोवैज्ञानिक विश्लेषण करू।
7. आतंक नाटकक विषयवस्तु सँ परिचय कराउ।
8. जीवन संघर्ष एकांकीक वैशिष्ट्य निरूपित करू।
9. "हाथीक दाँत" एकांकीक उद्देश्य सँ परिचय कराउ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–
    (क) जे व्यक्ति अपने कोनो जांगरक नै रहैए सैह समाजक कुलशीलक नामक झंडा टडने फिरैए आ जकरा अपन बॉहिक भरोस रहै छै से घर–परिवार वा समाजक बोझ नै बनिक अपने हाथपयर लाड़ब पसिन करैए।
    (ख) जहिना रवीन्द्र नाथ ठाकुर शांति निकेतनक स्थापना कयलनि, तहिना तोरो सभक बाप एहि स्कूल कैँ शान्ति निकेतनक रूप में राखय चाहै छथुन।

ꕥ ꕥ ꕥ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय
## एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II
## पत्र-XIV
(मैथिली प्रबन्ध-काव्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली महाकाव्यक प्रवृति के निरूपित करू।
2. मैथिली महाकाव्य मे प्रयुक्त रसक चित्रण करू।
3. मनबोधक साहित्यिक परिचय दैत “कृष्ण जन्मक” विशेषता लिखू।
4. “अगस्त्यानी” एक सफल महाकाव्य थीक प्रमाणित करू।
5. “चाणक्य” ऐतिहासिक महाकाव्य रहितहूँ साहित्यिकता सँ परिपूर्ण अछि–सयुक्ति विवेचना प्रस्तुत करू।
6. “चाणक्य” महाकाव्य मे राष्ट्रीय भावनाक विकास भेल अछि–सिद्ध करू।
7. खण्डकाव्यक तत्त्व निर्धारित करैत महाकाव्य संग एकर तुलना करू।
8. “पतन” खण्ड काव्यक विशेषता अपना शब्द में लिखू।
9. “भारती” खण्ड काव्यक मुख्य उद्‌देश्य निरूपित करैत एकर भाव स्पष्ट करू।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

(क) गुन गाहकधिक भक्तक दास, कलिमन कृष्ण पुरबथु आस
जे जन धएलन्हि भक्तिक बाट, अवस हरि तनिकर दुरदिन काट
चक्र सुदरसन लए निज हाथ, सुखदायक थिक श्री गिरिवर नाथ
सकल मनोरथ पुरू भगवान, सदा कहथि श्री कृपा निधान ।

(ख) मित्रता सौजन्य हार्दिक परस्पर शुभ–भाव,
करत मार्ग प्रशस्त कल्याणक मेटाओत दुराव
किन्तु वास्तव मित्रता हो, वचन में हो नेम,
हो सुदृढ़ विश्वास श्रद्धा आन्तरिक हो प्रेम ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II**

**पत्र-XV**

(आधुनिक काव्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. आधुनिक कविताक की अर्थ होइछ? एकर बिम्ब विधानक उल्लेख करू।
2. कविवर सीताराम झाक काव्य सौष्ठव पर विचार व्यक्त करू।
3. "युगवाणी" कविताक आशय स्पष्ट करू।
4. "छुतहर" कविताक समीक्षा करू।
5. "प्रतिज्ञा" कविताक मूल भाव निरूपित करू।
6. "पुरानक मृत्यु आ नववर्षक जन्म" कविताक समीक्षा करू।
7. "प्रवास" कविताक संदेश निरूपित करू।
8. कवि सोमदेवक साहित्यिक वैशिष्ट्य सँ परिचय कराउ।
9. "सूर्यक मृत्युक प्रक्रिया" कविताक समीक्षा करू।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

(क) बुझा तऽ हम दितहु
मुदा अहाँ बुझबे नहि करबई
हिमद्रिक ई तुंग श्रृंग छोड़ि
नीचाँ तराइ दिश ताकिओ टा हैत?

(ख) मुँह मोरब नहि उद्यम पथ सँ
प्रतिद्वन्द्व मचा विपतिक दल सँ
हम डपटि भिड़व रिपु रूज गण सँ
लज्जित नहि जननीक जठर करब।

ꕥ ꕥ ꕥ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II

## पत्र-XVI

(मैथिली समालोचना एवं पत्र-पत्रिका)

*वार्षिक परीक्षा, 2016*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*खंड–"क" से एक, खंड–"ख" ओ "ग" से दो–दो प्रश्नक उत्तर दिअ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

### *खण्ड–"क"*

1. मैथिली में प्रारंभिक आलोचनात्मक स्थिति सँ अवगत कराउ।
2. वर्तमान में प्रकाशित कोनो पाँच पत्र पत्रिकाक परिचय लिखू।

### *खण्ड–"ख"*

3. मैथिली साहित्यक आलोचना मे रमानाथ झाक स्थान निरूपित करू।
4. प्राध्यापक वर्ग द्वारा मैथिली मे कएल गेल समालोचना कार्यक उल्लेख करू।
5. डॉ0 रामदेव झाक भूमिका लेखनक विश्लेषण करू।
6. डॉ0 इन्द्रकान्त झाक आलोचना सँ परिचय कराउ।

### *खण्ड–"ग"*

7. मैथिलीक विकास में "मिथिलामोद" क देन पर प्रकाश दिअ।
8. मिथिला मिहिरक वैशिष्ट्य निरूपित करू।
9. मिथिला दर्शन ओ वैदेहीक मैथिल साहित्य मे कोन प्रकारक योगदान अछि।
10. स्वदेश आ घर बाहर पत्रिकाक विश्लेषण करू।